Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьинчӀого, рахӀат бокьарас,
БекьинчӀого,лъимье,нилъ гьечӀого,хур.
Инхоса ГӀали-хӀажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 4 (6744) 1 февраль 2021 с. Итни Жумадул ахир 1442 с. Багъа - эркенаб

ВАТӀАНИЯБ ТӀАЛАБ ТӀОБИТӀУЛАГО. ДАССРАЛЪ – НУСГО СОН

## Дагъистаналъул тарихалъулъ бакълъулал

**Бакълъулазул росабалъ ДАССРалъ нусго сон баялда хурхун тадбирал тӀоритӀулел руго**

**ДАССР гӀуцӀаралдаса нусго сон иналъул хӀурматалда Бакълъул районалда бугеб Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул идараялъул кӀудияб залалда тадбир тӀобитӀана. Бакълъул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовасул цӀаралдасан ДАССРалъ нусго сон бай баркана гьесул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас. Тадбиралда бихьизабуна ГЦТКНРялъул нухмалъулев, ДРялъул маданияталъул мустахӀикъав хӀалтӀухъан, жамгӀияв хӀаракатчи Набигула АхӀмадибировасул документалияб фильмги.**

Нусго соналда жаниб республикаялъ тараб нухалъул бицана Бакълъул районалъул администрациялъул маданияталъул ва туризмалъул идараялъул нухмалъулев ХӀайбула ГӀабдурахӀмановас, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул идараялъул нухмалъулев Рамазан МухӀамадовас, Бакълъул районалъул руччабазул гӀуцӀиялъул нухмалъулей Загьра ГӀабдулаевалъ ва цогидазги. Тадбир берцин гьабуна ГЦТКНРялъул хӀалтӀухъабазул, театралияб-гун концертнияб къокъаялъул, «ГьитӀинал магӀарулал» абураб къурдухъабазул ансамблялъул церерахъиназ.

Бакълъул районалъул ТӀаса Гьарадирихъ росулъ ДАССР гӀуцӀун 100 сон иналда хурхун маданиябгун хӀухьбахъиялъул идараялъул нухмалъулей Анисат НурмухӀамадовалъул жигаралдалъун данделъи гӀуцӀана.

«МухӀамадрасул Расуловасул ва ПатӀимат Ражабовалъул рокъоб данде ракӀарун руго батӀи-батӀияв некӀсияб заманалъул кӀазал, цӀулал ва маххул тӀагӀелал, гьединлъидал гьезул рокъоб гӀуцӀана данделъи. Гьеб тадбиралда гӀахьаллъарал росдал гӀадамаз рицана гӀемерал тарихиял лъугьа-бахъинал, ракӀалде щвезаруна умумузул гӀадатал ва ДАССР гӀуцӀиялъул тарих», – ян баян гьабуна Анисат НурмухӀамадовалъ.

Гьединалго тадбирал тӀоритӀана районалъул цоги росабалъги.




**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ЦӀияб сон – цӀиял проектал

**2021-абилеб соналъул проектазулъ гӀахьаллъиялъул халгьабуна**

**Бакълъул районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас данделъи тӀобитӀана, 2021- абилеб соналъ миллиял проектал, республикаялъулал ва федералиял программаби рилълъанхъизариялда хурхун. Дандерусcиналда гӀахьаллъана районалъул идарабазул вакилзаби, администрациялъул махщалилал ва цогидал.**

«Бакълъул район цебетӀезе проектал нухда инариялъулъ гӀахьаллъизе ккола. Идарабазул вакилзабаз, росабазул нухмалъулез, жамгӀиял хӀаракатчагӀаз, районалъул гӀумрудул ургъел бугелщинал гӀадамаз кквербакъизе ккола миллиял проектазулъ, федералиял ва республикаялъул программабазул конкурсалда гӀахьаллъизе документал хӀадур гьаризе», – ян абуна МухӀамад Хъарагишиевас.



Дандерусcиналъул хӀасилал гьарулаго, муниципалитеталъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас тӀадкъаял кьуна проектазулъ гӀахьаллъизе хӀажатал документал хехго къачӀаян.

Бакълъулазул районалъул нухмалъулев ХӀажимурад МухӀамадовас кӀудияб кӀвар кьола проектал гӀужда ва лъикӀаб даражаялда тӀураялде. ГӀагараб заманалда ЦӀияб Аргъвани росулъ хӀалтӀизе биччазе буго Республикаялъул адреснияб инвестиционнияб программаялда рекъон бараб 250 цӀалдохъанасе бакӀги бугеб гьоркьохъеб школа.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Рощнода тӀад сахӀги лъун, тӀаде къали чӀехьани...**

-2 гьум.



**Гъоркь Инхо базар цӀигьабулеб буго**

-2 гьум.



**Бице, эбел-ватӀан, бице, Дагъистан, МустахӀикъав вугищ дун дур цӀаралъе?**

-2 гьум.

| Наименование показателей | 2021год | 2022 год | 2023 год |
|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 25 | 25 | 25 |
| Налог на имущество физических лиц | 11 | 11 | 11 |
| Един. сельхозналог | 9 | 9 | 9 |
| Земельный налог | 86 | 86 | 86 |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | 1$1 | 151 | 151 |
| Дотация | 1840 | 1443 | 1443 |
| Субвенции | 105 | 107 | 111 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | 2076 | 1681 | 1685 |

| Наименование показателей | 2021 год | 2022 год | 20223 год |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1038 | 725 | 729 |
| Культура | 933 | 720 | 720 |
| ВУС | 105 | 107 | 111 |
| ВСЕГО: | 2076 | 1681 | 1685 |

**Бюджеты сельских поселений**

-3 стр.

РАЦІЦІАЛЪИ – ДИНАЛЪУЛ БАЩАЛЪИ

# Рощнода тІад сахІги лъун, тІаде къали чІехьани...

### Гьекъолеб лъим хъублъиялдаса цІунизе гьарулел хІалтІабазул халгьабуна

**Бакълъул районалда данделъи тІобитІана, рукІа-рахъиналъул хутІелал тІагІинариялъул вагьекъолеб лъим хъублъиялдаса цІунизе гьарулел хІалтІабазул суалал гьоркьор лъураб. Тадбиралда гІахьаллъана районалъул бетІерасул заместитель Малик Маликов, РФялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев Шамил Мажидов, Бакълъул районалда бугеб Россиялъул**



**ОМВДялъул штабалъул нухмалъулев ГІамир ГІамиров, росабазул нухмалъулел ва цогидал.**

Данделъиялъул гІахьалчагІаз гьекъолеб лъим бацІцІад цІуниялъул, рищни-къулалдаса къватІал рацІцІад гьариялъул суалазул халгьабуна ва сверухъ мухъ бацІцІад цІуниялъул санитариябгун гигиенически-яб рахъалъе бугеб кІвараалъул гІадамазе баян гьабиялъул суал борхана.

Дандеруссиналъул ахиралда росабазул нухмалъулезе тІадкъаял кьуна жиде-жидер ракьалда лъим ва сверухъ-лъи цІуниялъул ахІвал-хІал кин бугебали халгьабеян ва рацІцІалъи цІунизе гьарулел хІалтІаби кІвар бугеб иш букІин гІадамазе баян гьабеян.

**«Гумбет» РИО**

ЧІАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# Гъоркь Инхо базар цІигьабулеб буго

### Асбег ХІабибовас «Бакълъулазул нигІматал» абураб базар тІобитІиялда хурхун данделъи гьабуна

**Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовасул кумекчи Асбег ХІабибовас «Бакълъулазул нигІматал» абураб республикаялъулаб росдал магІишаталъул базар тІобитІиялда хурхун дандеруссин гьабуна.**

Гьелда гІахьаллъана муниципалитеталъул росабазул нухмалъулел, районалъул администрациялъул ва жамгІиял идарабазул вакилзаби.

Асбег ХІабибовас баян гьабуна «Бакълъулазул нигІматал» абураб республикаялъулаб



росдал магІишаталъул базар тІобитІи кІвар бугеб лъугьа-бахьин букІин. Гьесул рагІабазда рекъон, базаралъул тадбираз Дагъистаналъул росдал магІишаталъул нигІматал киса-кирего тІиритІизе квербакъизе буго.

«Базар сабаблъун гІадамазе рес щвезе буго МугІрузул улкаялъул тІокІлъи ва берцинлъи бихьизе. «Бакълъулазул нигІматал» абураб республикаялъулаб росдал магІишаталъул базар щибаб соналъ гІуцІулеб гІадатияб тадбирлъун лъугьине буго Бакълъул районалъе.

Росабазул администрациял жигарго гІахьаллъизе кола республикаялъул ва районалъул идарабазда цадахъ гьеб базаралъул хІалтІи гІуцІизе», – ян лъазабуна Асбег ХІабибовас.

Дандеруссиналда гьединго гІахьаллъана районалъул экономикияб идараялъул нухмалъулесул заместитель, АП-Калъул жавабиявлъун вугев МухІамад ГІабдулхІалимов, Бакълъулазул имамзабазул гІуцІиялъул нухмалъулев Юнус НурмухІамадов ва цогидал.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧІЧІАНИ...

# Бице, эбел-ватІан, бице, Дагъистан, МустахІикъав вугищ дун дур цІаралъе?

### ДАССР гІуцІаралдаса 100 сон иналъул хІурматалда МугІрузул улкаялде кечІ гьабиялъул конкурс тІобитІана Бакълъул районалда

**2021-абилеб соналъул 25-абилеб январалда ЧІиркъатІа росулъ МугІрузул улкаялде кечІ гьабиялъул конкурс гІуцІана. Гьеніб жигараб гІахьаллъи гьабуна 6 «Б» классалъул (нухмалъулей Хадижат МухІамадова),7 «Б» классалъул (нухмалъулей Мадина МухІамадова), 10 классалъул (нухмалъулей ГІайишат Гьайирбегова) цІалдохъабаз.**

ТІоцебесеб бакІалъе мустахІикълъана 10 классалъул цІалдохъан МухІамад Басиров, кІиабилеб бакІалъе – 6 «Б» классалъул цІалдохъан Зайнаб АбакархІажиева, лъабабилеб бакІ щвана 7 «Б» классалъул цІалдохъан Мадина ХІосеновалъе.

Конкурс гІуцІана Дагъистаналъул ГІалибег Тахо-Годил цІаралда бугеб миллияб музеялъул бакълъулазул филиалалъул хІалтІухъабазул хІаракаталдалъун. Музеялъул нухмалъулез бергьаразе къимат кьолеб къокъаялъе ва киналго гІахьаллъаразе гІарцулал сайгъатал кьуна.

**Ибрагьим Ибрагьимов,**
**Дагъистаналъул ГІалибег Тахо-Годил цІаралда бугеб миллияб музеялъул бакълъулазул филиалалъул нухмалъулев**

### ЦохІо Шамил имам гІеларищ дуе!

Миллаталги цолъун, цо лъвараб улка,
Цогиги бугодай, Дагъистан гІадаб?
МагІданазда гьоркьоб жавгьар гІадинаб
Мун буго, Дагъистан, гьаб Кавказалда.
Кинабго рахъалъан цІар тІибитІарал
ГІадамалин ругел дагъистаниял.
ВатІаналде тІаде къо ккараб мехалъ,
КІикъоялда анцІго Герой вахъана.
Пагьмуги гьунарги цІехолеб мехалъ,
Кибго цІар рагІарал гІалимзаби дур.
Дунялалда тІадго цІар тІибитІизе
ЦохІо Шамил имам гІеларищ дуе!
Дур вас гурищ вугев Расул ХІамзатов,
Поэтазда гьоркьов тІалъи босарав!
ГІатІидал авлахъаз, рорхатал мугІруз -
Гьезги кьола дуе гучаб берцинлъи.
ГІи-боцІи хьихьизе мугІрул гьарзаяб,
НигІматал рекьизе авлахъал цІакъаб.
ЧІегІернартил бугеб гучаб нахърател
Гьаб дур Каспиялъул карачалабалъ.
Пихъалги гьуинаб, гьанги тІагІамаб
Гьелеха, Дагъистан, дур бугеб тІокІлъи.
Дицаги рикІкІуна дирго талихІлъун
Дагъистанияблъун вати бугилан.

**МухІамад Басиров**

### КъуркьичІел къураби

Дагъистан, Дагъистан, дир рекІел чІухІи,
ЧІухІарай йиго дун, дур яс ятидал.
Тушман тІаде кІанцІун, къо ккараб мехалъ,
КъуркьичІел къураби жанирги ругел.
Дир хирияб улка, дур цІар рагІизе
ГІеларищ АхІулгохІ ва имам Шамил!
Къоло щуго соналъ хвалченги хьвагІун,
Ясбер гІадин, жинда цІунизе кІвараб.
Дир хирияб улка, мун дир Дагъистан,
Адабги цІикІкІараб, иман щулияб,
Баркат, рахІмат жаниб гІемер букІиналъ,
Дунялалда тІадго тІокІлъи гьабураб.
МагІарде рахани, гІиги гІемераб,
ГІодоре рильлъани, пихъги гьайбатаб,
Дир хирияб улка, мун дир Дагъистан,
Къулула дица дуй нахъеги бетІер.
Дунялго бахилаб Каспий ралъадги,
Кутакал, лебалал речІчІухъабиги.
ГІелмуялда гІамал рекъарав гІалим –
ГІемерал жанисан жал загьирлъараб.
ЦІадаса ХІамзатгун ХІамзатил Расул,
ХъахІабросулъа вас – пагьмуяв МахІмуд –
Гьелги жанир гІураб мун дир Дагъистан,
Бокьула дие мун дир рухІалдаса.

**Зайнаб АбакархІажиева**

### Чарамул ракІал ругеб халкъ гІемераб Дагъистан

Дун гьаюраб, дун гІураб, гІагараб дир Дагъистан.
МугІрул, щобал, къураби къварараб дир Дагъистан.
Тушбабазе къуличІеб, къуркьи гьечІеб Дагъистан.
Миллаталги гІемераб, гІажаибаб Дагъистан.
ГІаданлъиги щулияб, яхІ-намуси бечедаб,
Чарамул ракІал ругеб халкъ гІемераб Дагъистан.
МугІрузул цІумал гІадал, цІар бугел речІчІухъаби,
Шамилил ирс босарал васал ругеб Дагъистан.
Иман-адаб цІунарал, гІадатал щула ккурал,
Берциналгун хІалимал хІеренал ясалги дур.
Лъица щиб биցаниги, гьечІо дир гІадаб ВатІан.
Гьава-бакъги рекъараб, гьечІо дир гІадаб улка.

**Мадина ХІосенова**

ГІАКІА АХІУЛЕБ БУГО

# ОМВДялъ лъазабулеб буго

**2014-абилеб соналъул 29-абилеб августалда къватІибе бачІараб №736 Россиялъул МВДялъул приказалда рекъон Гумбет ОМВДялда тІадаб буго гІадамазул гІарзал, лъазабиял (телефоналъ, факсалъ, интерненталъул кумекалдалъун, жалго полициялъул отделалде рачІун, почалдасан, божарав чиясухъ битІун бачІараб) сордо-къоялъухъ балагьичІого къабул гьаризе.**

ГІарзаялъул халгьабизе чІезабураб заман буго (3-го сордо-къо, 10-го сордо-къо, 30-го сордо-къо, захІмалъиялъухъ балагьун).

Живго гІарзачи вачІани, гьесухъе къезе бихьизабун буго «талон-уведомление» абураб документ жинда жаниб лъица къабул гьабураб, щиб номералда регистрация гьабураб, кида къабул гьабураб бихьизеги гьабун.

Нужер щибаб гІарзаялъул мухІканаб халгьабизе буго. Гьабураб хІукмуялъул хІасил лъазабизеги тІадаб буго халгьабулев хІалтІухъанасда тасамахІлъи, цо рахъалде цІайи гьабичІого

Суал баккани кІалъазе бегьула:

Дежурнияб часталъул телефон:8 8 727 2-26-204,8 928 958 08 71, 99-69-12.

Отделалъул нухмалъулесул: 8 8 272 26 233, 99-69-11.

Штабалъул нухмалъулев: 8 964 049-09-48,99-69-13.

Республикаялъул МВД-ялъул божилъиялъул телефон: (8722) 98-48-48

**ОМВДялъул нухмалъулев**
**полициялъул подполковник**
**Шамил Мажидов**

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

## Собрание депутатов администрации сельского поселения «Село Читль»

**Решение № 8**

от **30. 12. 2020 г.** **с. Читль**

### Бюджет СП «Село Читль» на 2021 год и на плановый период 2022, 2023 годов

Бюджет обсужден и принят на сессии Собрания депутатов СП «Село Читль» 30 декабря 2020г.

Сессия Собрания депутатов постановляет:

1. Утвердить бюджет на 2021 год и на плановый период 2022, 2023г.г.

| № | Вид доходов | 2021 | 2022 | 2023 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 1801 | 1427 | 1427 |
| 2 | Субвенция | 86 | 88 | 92 |
| 2.1 | В том числе: ВУС | 86 | 88 | 92 |
| 4 | Собственные доходы | 40 | 40 | 40 |
| 4.1 | В том числ: НДФЛ | 13 | 13 | 13 |
| 4.2 | Налог на имущество физ. лиц | 6 | 6 | 6 |
| 4.3 | Земельный налог | 21 | 21 | 21 |
| | Всего доходов | 1927 | 1555 | 1559 |

**Расходы:**

| | Вид расходов | 2021 | 2022 | 2023 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Администрация | 1241 | 1031 | 1031 |
| 2 | ВУС | 86 | 88 | 92 |
| 3 | Благоустройство | 122 | 93 | 93 |
| 4 | Мол.политика | 10 | 7 | 7 |
| 5 | Культура | 413 | 285 | 285 |
| 6 | Доплата к пенсии | 36 | 36 | 36 |
| 7 | Физкультура и спорт | 19 | 15 | 15 |
| | Всего расходов | **1927** | **1555** | **1559** |

**Председатель Собрания депутатов Алиев А.М.**

## Собрание депутатов администрации сельского поселения «Сельсовет «Цунди-Шабдухский»»

**Решение № 7**

от **29. 12. 2020 г.** **с. Шабдух**

**«О бюджете сельского поселения «сельсовет «Цунди-Шабдухский» Гумбетовского района Республики Дагестан на 2021 год и на плановый период 2022 и 2023 годы».**

**ДОХОДЫ:**

| **Наименование показателей** | **2021г.** | **2022 г.** | **2023** |
|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 25 | 25 | 25 |
| Налог на имущество физических лиц | 11 | 11 | 11 |
| Един. сельхозналог | 9 | 9 | 9 |
| Земельный налог | 86 | 86 | 86 |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | 131 | 131 | 131 |
| Дотация | 1840 | 1443 | 1443 |
| Субвенции | 105 | 107 | 111 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | 2076 | 1681 | 1685 |

**РАСХОДЫ:**

| **Наименование показателей** | **2021 год** | **2022 год** | **20223 год** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1038 | 725 | 729 |
| Культура | 933 | 720 | 720 |
| ВУС | 105 | 107 | 111 |
| ВСЕГО: | 2076 | 1681 | 1685 |

**Председатель Собрания депутатов Юсупов А.Н.**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Верхнее Инхо»

**Решение №05**

**от 30. 12. 20120 г.** **с. Верхнее Инхо**

Утвердить бюджет МО «Село Верхнее Инхо» на 2021 год в размере 2306,0 рублей, и плановый период на 2022 год в размере 1867,0рублей, на 2023 год в размере 1871,0рублей.

а) Доходы:

| | 2021 г. | 2022 г. | 2023 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2117,0 | 1694,0 | 1694,0 |
| В.т.ч. дотация на частичную оплату повыш.з/платы работ.культуры | 18,0 | 0,0 | 0,0 |
| Субвенция | 91,0 | 93,0 | 97,0 |
| Собственные доходы | 80,0 | 80,0 | 80,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 26,0 | 26,0 | 26,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 40,0 | 40,0 | 40,0 |
| Имущественный | 14,0 | 14,0 | 14,0 |
| ИТОГО: | 2306,0 | 1867,0 | 1871,0 |

б) Расходы по учреждениям:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1436,0 | 1292,0 | 1292,0 |
| б) | МКУК | 315,0 | 201,0 | 203,0 |
| в) | ВУС | 91,0 | 93,0 | 97,0 |
| г) | ЖКХ(благоустройство) | 433,0 | 252,0 | 250,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 16,0 | 15,0 | 15,0 |
| е) | Молодежная политика | 5,0 | 4,0 | 4,0 |
| ж) | Резервный фонд | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| | ИТОГО: | 2306,0 | 1867,0 | 1871,0 |

**Председатель сельского Собрания Абдулхакимов Н.М.**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет Цилитлинский»»

**Решение № 9**

**от 30. 12. 20120 г.** **с. Цилитль**

Собрание депутатов постановляет :

Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский» на 2021 год и на плановый период 2022 и 2023 год.

1.Доходная часть.

Расчетные показатели по доходам к бюджету сельского поселения «Сельсовет «Цилитлинский» на 2021 год и на плановый период 2022 и 2023год

тыс .руб

| **Вид доходов** | **2021 г.** | **2022 г.** | **2023 г.** |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2737,0 | 2190,0 | 2190,0 |
| Нолог на доходы физических лиц | 35,0 | 35,0 | 35,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| Земельный налог | 201, | 201,0 | 201,0 |
| Единый сельхоз налог | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| Субвенция | 111,0 | 113,0 | 117,0 |
| ВСЕГО: | 3145,0 | 2568,0 | 2572,0 |

**2.Расходная часть.**

| **Вид расходов** | **2021 г.** | **2022 г.** | **2023 г.** |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1914,0 | 1541,0 | 1545,0 |
| Учреждения культуры | 812,0 | 765,0 | 761,0 |
| ВУС | 111,0 | 113,0 | 117,0 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 263,,0 | 70,0 | 70,0 |
| Молодежная политика | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| ФК и спорт | 25,0 | 22,0 | 22,0 |
| Резервный фонд | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| ВСЕГО: | 3145,0 | 2568,0 | 2572,0 |

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Нижнее Инхо»

**Решение № 10**

**от 30. 12. 20120 г.** **с. Нижнее Инхо**

**Бюджет СП «Село Нижнее Инхо» на 2021 год и на плановый период 2022. 2023 годов**

Сессия Собрания депутатов постановляет:

1. Утвердить бюджет на 2021 год и на плановый период 2022, 2023г.г.

ДОХОДЫ:

| **№** | **Вид доходов** | **2021** | **2022** | **2023** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 2586 | 2054 | 2054 |
| 2 | Субвенция | 92 | 94 | 98 |
| 2.1 | В том числе: ВУС | 92 | 94 | 98 |
| 3 | Собственные доходы | 224 | 224 | 224 |
| 3.1 | В том числ: НДФЛ | 31 | 31 | 31 |

**(Продолжение -на 4 стр.)**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Операция «Оружие-выкуп»!

**2021 абилеб соналъул 1-себ февралалдаса 31- леб декабралде щвезегIан, МВД ялъул 2021-леб соналъул 20 январалъ къватIибе бачIараб №142- абилеб приказалда рекъон, Дагъистан Республикаялда тIобитIулеб буго «Оружие-выкуп» абураб операция.**

**Ярагъ халкъалъухъа бичун нахъе босизе, Дагъистан Республикаялъул хукуматалъул, 2014 абилеб соналъул 24 апрелалда къватIибе бачIараб №184 (хиса-басиялгун) Постановлениялда рекъон чIезарун руго гьал хадур рехсарал багъаби:**

| № | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет или револьвер | 45000 |
| 2. | Автомат | 60000 |
| 3. | Пулемет | 75000 |
| 4. | Подствольный гранатомет | 45000 |
| 5. | Ручной противотанковый гранатомет | 45000 |
| 6. | Одноразовый гранатомет или огнемет | 45000 |
| 7. | Винтовка СВД | 60000 |
| 8. | Пистолет-пулемет | 45000 |
| 9. | Охотничий карабин | 9000 |
| 10. | Охотничье гладкоствольное ружье | 4500 |
| 11. | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1500 |
| 12. | Газовые пистолеты и револьверы иностранного производства | 1500 |
| 13. | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 3000 |
| 14. | Самодельное стреляющее устройство | 750 |
| 15. | Взрывчатое вещество (тратил, пластид, аммонит, аммонал, и др. промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 16. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 17. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 18. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 19. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 20. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2500 |
| 21. | Ручная граната | 2500 |
| 22. | Мина | 1500 |
| 23. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 15 |
| 24. | Винтовка типа Мосина | 15000 |

Бичун ярагъ нахъе кьезе бегьула Гумбет ОМВД-ялъул дежурныяб часталде сордо-къоялъухъ балагьичIого. Нахъе ярагъ кьолеб мехалъ хъвалеб гIарзаги, гIарац щвезе ккани цIезаризе колел кагътазеги, кумек гьабула ОМВД ялъул хIалтIухъабаз.

**Начальник Отдела МВД России**
**по Гумбетовскому району**
**подполковник полиции**
**Ш.Г. Мажидов**

ДОКУМЕНТЫ

## Администрация сельского поселения «Село Верхнее Инхо»

**В соответствии со статьей 38 Земельного кодекса РФ от 25.10.2001 года №136-ФЗ.**

**1. Выставить на аукцион право аренды земельного участка:**

**1.1 Из земель сельскохозяйственного назначения с кадастровым номером 05:25:000024:167, расположенного по адресу: РД, Гумбетовский район, село Верхнее Инхо, в местности «Миккилха» площадью 5560 кв.м. рыночная стоимость права аренды -1000 (одна тысяча сто рублей) с видом разрешенного использования -для сельскохозяйственного назначения.**

**(Начало -на 3 стр.)**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3.2 | Налог на имущество физ. | 30 | 30 | 30 |
| 3.3 | Земельный налог | 163 | 163 | 163 |
| | Всего доходов | **2902** | **2372** | **2376** |

**РАСХОДЫ**

| № | Вид расходов | 2021 | 2022 | 2023 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Администрация | 1712 | 1524 | 1524 |
| 2 | ВУС | 92 | 94 | 98 |
| 3 | Резервный фонд | 10 | | |
| 4 | Благоустройство | 288 | 283 | 283 |
| 5 | Молодеж. политика | 14,5 | 11 | 11 |
| 6 | Культура | 661,5 | 342 | 342 |
| 7 | Доплата к пенсии | 95 | 95 | 95 |
| 8 | Физкультура и спорт | 29 | 23 | 23 |
| | Всего расходов | **2902** | **2372** | **2376** |

**Председатель Собрания депутатов Магомедов А.А.**

## День студента

### Какое образование предпочитают Россияне?

**В 5,5 раз увеличилась за полвека доля населения с высшим образованием в России. Как меняется число и состав студентов, а также уровень образования в нашей стране? Рассказываем в День российского студенчества — 25 января.**

Уровень образования населения продолжает расти, о чем свидетельствуют переписи населения: в 1959 году на тысячу человек старше 15 лет приходилось около 40 обладателей дипломов вуза, в 1979 — около 80, по переписи 2010 — 221 человек и по микропереписи 2015 года — 227. За полвека доля населения с высшим образованием увеличилась в 5,5 раз!

Посмотрим, как менялась и доля студентов высших учебных заведений. В середине прошлого века на 10 тысяч всех россиян приходилось 120-130 студентов. К началу XXI века этот показатель вырос до 320-330, в 2010 году — 480-490. Затем началось падение, поскольку заканчивали школы и поступали в вузы молодые люди 90-х годов рождения. Так, число обучающихся в 2019/20 учебном году было на 14,2% меньше, чем в 2000/01. При этом наибольшее падение численности студентов наблюдалось в частных вузах – почти на 30%, в государственных – на 17%.

«В последние 2-3 года число поступающих начало расти, что и продолжится некоторое время. Надо понимать: на показателях отразилась и наша история с демографическими ямами — последствиями Великой Отечественной войны. Поэтому, говоря о росте или падении численности студентов, это всегда стоит учитывать», — поясняет Елена Егорова, заведующая научной лабораторией «Количественные методы исследования регионального развития» РЭУ им. Г.В. Плеханова.

В 2019/20 учебном году на очной и очно-заочной формах в России обучалось 2568 тыс. студентов, в 2017/18 — 2515 тыс.

Из числа всех студентов 27,6% обучаются по группе специальностей «Инженерное дело, технологии и технические науки», 24,5% — «Экономика и управление», 12,9% — «Юриспруденция», 10,1% — «Образование» и 4,7% — «Здравоохранение и медицинские науки». «По данным последних лет уже заметно хоть и небольшое, но перераспределение в сторону технических и медицинских специальностей», — отмечает Елена Егорова.

Новые выводы о целях и возможностях россиян получать определенное образование позволят сделать экспертам данные ближайшей Всероссийской переписи населения, которая пройдет в 2021 году. Каждый житель России сможет сообщить, какое у него образование: дошкольное, среднее общее, среднее профессиональное или высшее (бакалавриат, специалитет, магистратура), имеет ли он ученую степень кандидата или доктора наук.

Также респондент сможет рассказать об обучении по дополнительным образовательным программам, в том числе в рамках профессиональной переподготовки. Это позволит более эффективно оценивать квалификации жителей страны и формировать ориентиры для развития системы общего и профессионального образования.

Справка:

День российского студенчества (Татьянин день) в России традиционно отмечается 25 января. Дата связана с подписанием в 1755 году императрицей Елизаветой Петровной указа «Об учреждении Московского университета». Начинавшийся как день рождения университета, со временем праздник охватил все студенчество страны. С 2005 года день 25 января в России официально отмечается как «День российского студенчества».

**Медиаофис Всероссийской переписи населения**

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.